



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPOZISYON PWODIKÈ TASTE NY VIRTYÈL POU RANFÒSE FÈM, TI BIZNIS ALIMANTÈ AK BWASON NEW YORK YO

*Pwogram pilòt pou demare nan Rejyon Adirondacks ak Rejyon Kapital la*

*Evènman rezotaj ant Biznis a Biznis pral konekte Pwodiktè Taste NY ak potansyèl nouvo achte pwodwi alimantè yo*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Ekspozisyon Pwodiktè Taste NY (Taste NY Producer Showcase) vityèl, ke yo te kreye pou ranfòse biznis yo pou fèm yo ak ti fabrikan manje ak bwason New York yo. Evènman rezotaj ant Biznis a Biznis ki se premye ki fèt konsa, pral ede konekte biznis agrikòl New York yo ak nouvo potansyèl achte pwodwi alimantè yo, epi pou devlope nouvo relasyon biznis nan mache a, ki te afekte akòz pandemi COVID-19 la. Ekspozisyon Pwodiktè Taste NY Vityèl la, kap fèt 27 oktòb 2020 an, ouvri kounye a pou [enskripsyon](#) pou vandè ak achte yo.

"Agrikilti se yon faktè enpòtan nan ekonomi New York la ak baz anpil nan kominote lokal yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ekspozisyon sa a bay kiltivatè nou yo, brasè yo ak biznis lokal yo opòtinite pou elaji biznis yo ak ankouraje kwasans pandan New York ap kontinye avanse pandan moman san parèy sa yo."

Ekspozisyon Pwodiktè Taste NY Vityèl la ap òganize pa Cornell Cooperative Extension nan Konte Washington ak Chanm Komès Rejyonal Lake George (Lake George Regional Chamber of Commerce) & CVB, an patenarya avèk Taste NY, pwogram maketin Eta New York pou biznis agrikòl ak manje ak bwason. nan sèvi ak yon platfòm an liy, fèm yo ak fabrikan manje ak bwason yo ki soti nan Rejyon Adirondacks ak Rejyon Kapital, ansanm ak toupatou nan Eta a, pral prezante pwodwi yo bay achte potansyèl yo nan rejyon an. Achte yo ka gen ladan detayan, restoran, makèt, mache espesyalite, lekòl, enstitisyon ak distribitè yo, k'ap chèch pou achte pwodwi New York yo.

Pwodiktè yo dwe enskri sou entènèt nan [www.lakegeorgechamber.com/tasteny](http://www.lakegeorgechamber.com/tasteny) disi 25 septanm. Evènman an pral limite a vandè 50. Achte yo dwe enskri disi 20 oktòb. Enskripsyon se 15 dola pou vandè yo ak 5 dola pou achte yo, epi yo pral bay yon repètwa patisipan, ak yon webinè maketin davans nan dat evènman an kote yo pral bay biznis yo konsèy pou akselere ak mete aksan sou pwodwi yo.

Evènman vityèl de zèdtan an se yon pwojè pilòt epi li swiv yon seri evènman rezotaj Ekspozisyon Biznis Alimantè ak Fèm rejyonal an pèsòn epi ki pote siksè ke yo te anonse an premye kòm yon pati nan Eta Leta Gouvènè a an 2018.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare,** "Youn nan objektif nou yo nan Depatman an se ede konekte pwen ki genyen ant biznis agrikòl nou yo ak mache a. kidonk, anpil nan fèm nou yo ak ti biznis alimantè yo andire yon moman trè difisil akòz COVID-19, kidonk evènman sa a nesèsè kounye a plis pase anvan, nan ede fasilite koneksyon sa yo nan yon fason ki an sekirite epi ki distanse sosyalman. Nou ankouraje biznis nou yo pou yo pwofite opòtinite sa a pou ede devlope biznis yo ak achtè nou yo pou yo kontinye sipòte kominote yo atravè acha bon kalite pwodui lokal yo ke kliyan yo pral apresye sètènman".

**Direktè Egzekitif Cornell Cooperative Extension nan Konte Washington, Brian Gilchrist, te deklare,** "Prèske tout moun te oblije re-aprann fason yo fè biznis ak adapte yo ak evolusyon tan an. Sa sitou vrè pou ti biznis ak kiltivatè nou yo pliske gen kèk ladan yo ki fè fas ak yon kantite demand konsiderab, pandan ke lòt yo diminye. Opòtinite sou entènèt sa pral bay yon eleman edikatif, ansanm ak koneksyon enpòtan pou ede fabrikan manje ak bwason lokal yo kontinye bouje biznis yo nan bon direksyon an".

**Jesyonè Taste NY Market nan Sant Dakèy Adirondacks la, Jennifer Kraft, te deklare,** "Koperasyon ant Chanm Komès Rejyonal Lake George ak CCE nan Konte Washington se yon benediksyon fòmidad ki te pèmèt òganizasyon nou yo travay pi sere avèk pwodiktè pwodwi agrikòl yo pou konprann defi yo fè fas pandan y'ap kominike tou dirèkteman ak piblik vwayajè a pou konprann santiman konsomatè yo. Demann pou machandiz ki gen sous lokal pi wo kounye a pase anvan an. Lè moman yo difisil, konsomatè yo gen plis refleksyon sou kote yo ap achte ak ki konpayi yo chwazi pou sipòte. Avèk evènman sa a, nou vize fè bagay sa yo yon ti kras pi fasil pou tout moun nan fasilite koneksyon ki genyen ant pwodiktè ak achtè gwosis yo pou asire ke plis pwodwi lokal pase nan men konsomatè yo atravè makèt yo, detayan yo, ak restoran yo".

**Direktris Egzekitif Chanm Komès Rejyonal Lake George la & CVB, Gina Mintzer te deklare,** "Òganizasyon nou an fyè pou fè pati kominote biznis piblik-prive a ki te reponn byen vit, yon fason kolaboratif ak kreyatif, ak nouvo nòm al nou tout ap fè fas la. Pratikman toudenkou, pwopriyete biznis ak mendèv yo te fè efò pou pivote nan nouvo direksyon pou yo siviv. Distilri yo te kòmanse pwodwi dezenfektan men, machann yo te aplike solisyon e-commerce (komès elektwonik), epi evènman te vin vityèl. Nou tout te aprann anbrase nouvo teknoloji a kòm yon pati esansyèl nan fè biznis. Kominote biznis nou an pi fò pou sa yo te fè fas ansanm pandan kèk mwa ki sot pase yo. Evènman vityèl sa a se yon lòt opòtinite ekonomik ki fè rejyon nou an soti nan siviv pou pase nan pwospere".

Pou plis enfòmasyon oswa pou enskri nan Ekspozisyon Pwodiktè Taste NY Vityèl la, rele Taste NY Market la nan Sant Dakèy Adirondacks la nan 518-487-0045 oswa vizite [www.lakegeorgechamber.com/tastenyt](http://www.lakegeorgechamber.com/tastenyt).

Rejyon Adirondacks nan New York gen yon endistri agrikòl k'ap fleri ak kiltivatè ak pwodiktè premye plan nan yon etalaj manje ak bwason ki vas, ki gen ladan letye, erab, fwomaj, vyann, pòm, bwason atizanal ak diven.

[Taste NY](#) se pwogram ofisyèl manje-lokal, bwè-lokal pou Eta New York. Taste NY, ke Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse an 2013, mete aksan sou kalite, divèsite, ak enpak ekonomik manje ak bwason ki grandi, pwodui oswa trete nan Eta New York. Pwogram nan kreye opòtinite pou pwodiktè lokal yo prezante machandiz yo nan yon varyete avni, ak plis pase 70 lokal Vant an Detay Taste NY nan tout eta a. Li te ede fèm ak konpayi yo rive atenn plis kliyan, ogmante lavant sou entènèt yo, epi, nan plizyè ka, agrandi kapasite tretman biznis yo. Taste NY sipòte kiltivatè yo nan travay sere sere avèk pwogram [Kiltive ak Sètifye nan NYS](#) (NYS Grown & Certified) la. Aprann plis sou Taste NY nan [www.taste.ny.gov](http://www.taste.ny.gov) epi swiv Taste NY sou Facebook ak Twitter.

Cornell Cooperative Extension nan Konte Washington travay pou pèmèt rezidan yo amelyore lavi yo ak kominote yo atravè patenarya ki mete eksperyans ak konesans rechèch o travay. Pwogram ak sèvis yo varye ant 4-H rive nan agrikilti an pasan pa syans pou fanmi ak pou konsomatè yo. Aprann plis sou CCE nan Konte Washington nan vizite <http://washington.cce.cornell.edu/> oswa swiv @CCEWashingtonCounty sou Facebook ak Instagram.

Chanm Komès Rejyonal Lake George la ap fè efò pou kondwi touris pandan tout ane a nan rejyon an pandan y'ap ankouraje yon kominote biznis ki dinamik. Manm li yo kouvri sis konte nan New York, ofri pwogram ak sèvis pou ede biznis nan zòn nan ki gen ladan operasyon Magazen Taste NY nan Sant Dakèy Adirondacks la, ki chita sou I-87 Northway ant sòti 17 ak 18. Pou mizajou yo, konekte ak Chanm lan sou Facebook oswa Twitter @VisitLakeGeorge ak Instagram @LakeGeorgeChamber.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)